



## Akouchman nan Delaware? Kisa Pou w Espere.

Baby-Friendly Hospital Initiative (BFHI) rekonèt lopital ki founi pi bon swen pou sipòte alimantasyon bebe ak lyen manman/tibebe. Kat lopital nan - Beebe Healthcare, Bayhealth Hospital, Kent and Sussex Campuses, ak Christiana Care Health System – te resevwa rekonesans “Baby-Friendly Hospital”. Youn ap travay pou pou jwenn rekonesans li: Saint Francis Hospital. **Kisa sa vle di pou oumenm ak tibebe ou an?**

### Nou ankouraje epi Nou Sipòte Bay Tete

Founisè swen sante yo rekòmande sèlman bay tete (okenn lèt endistriyèl manje oswa bwason) kòm pi bon fason pou nouri tibebe. Lèt manman bay tibebe avantaj sante ki pwisan ke lèt distriyèl la ka bay. Li ede anpeche enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon nan poumon, dyabèt, astm, alèji, obezite ak plis. Epitou bay tete ede manman pèdi pwa bebe a epi li pwoteje l kont kèk tip kansè.

### Sa Nou Fè pou Sipòte W

**Politik ak Fòmasyon:** Nou gen yon politik pou sipòte tout manman k ap bay tete. Tout manm pèsònèl nou yo fòme sou fason pu pi byen sipòte bay tete ak tibebe yo. Tanpri mande èd.

**Rooming-In:** Ou menm ak bebe ou an pral pataje menm chanm nan, kidonk nou ka rete ansam pandan 24è pandan yon jounen. Rooming-in ede w aprann siy lè tibebe ou an grangou, kidonk ou ka nouri sou demann li, nenpòt lè tibebe ou an grangou. Ou pral tibebe ou anpil – 8 oswa plis fwa pandan yon jounen! Sa nòmal epi li pral ede olèt apwovizyonman lèt ogmante pi vit.

**Po Kole Ansanm:** Yon pral mete tibebe ou an sou pwatrin ou, po kole ansanm, touswit aprè nesans lan jiskaske ou fin ba l tete premye fwa a. “Minit majik” sa yo kalm epi relaksan. Kontak rapwochman an ankouraje lyen ant manman ak tibebe. Li fè bebe ou an cho epi li ede tete a kòmanse touswit.

**Itilizasyon Lèt Endistriyèl:** Bay tete sèlman (okenn lòt manje ni bwason) pi bon pou oumenm ak tibebe ou an. Objektif nou se pou konswti konfidans nan abilité w pou bay tete. Bay li lèt endistriyèl ka rann tete a plis difisil pou nou toude. Li ka ogmante risk alèji ak maladi epi li fè vann tibebe ou an travay plis difisil pou dijere. Nou p ap bebe ou an okenn lèt enditriyèl, dlo sikre, oswa okenn lòt bagay amwenske gen bezwen medikal. Menm jan ak founisè swen sante ou an, se travay nou pou pale avè w konsènan avantaj lè w bay tete. Aprè ou fin konnen bagay sa yo, si ou prefere ba l lèt endistriyèl pito, n ap ba w enfòmasyon sou bon jan preparasyon ak alimantasyon lèt endistriyèl la.

**Tetin ak Bibwon:** Nan lopital nou yo, nou pa bay tibebe yo tetin oswa bibwon amwenske gen yon bezwen medikal. Tetin plastik sa yo ka mete tibebe ou an nan konfizyon. Yo pa ta dwe itilize nan premye jou yo pandan oumenm ak tibebe ou an ap aprann kijan pou bay tete.

# Akouchman nan Delaware? Kisa Pou w Espere.

**USIN:** Si tibebe ou an rete nan USIN nan, bay tete vrèman enpòtan. N ap ede w ba l tete oswa ponpe lèt pou bay tibebe ou an pi bon kòmansman posib.

## Lè Ou Kite Lopital la

Nou pral ba w yon lis resous pou sipòte tete a. Li nòmal pou gen omwen yon kesyon oswa yon difikilte, espesyisman nan kòmansman. Ou ka jwenn èd nan men doktè ou an, konsiltan alètman lopital nou an, konseye kamarad alètman, oswa yon gwoup sipò pou alètman tankou La Leche League. Bay tete ka difisil anpil nan kòmansman, men efò a pa pèdi! Tanpri rele nou. Nou vle ede w.

**Medikaman:** Pifò medikaman preskripsyon ak medikaman an vant lib san danje pou itilize pandan w ap bay tete. Verifye founisè swen sante ou an anvan ou pran nenpòt medikaman.

**Asirans Sante:** Pifò plan asirans yo kouvri ponp pou lèt, materyèl, ak vizit kay yon konsiltan alètman. Rele nimewo telefòn Member Services ki nan do kat asirans ou an pou jwenn kisa plan ou an kouvri.

**Retounen Travay:** Ou ka kontinye bay tete oswa ponpe lèt lè ou retounen travay. Planifikasyon alavans ka rann li pi fasil. Anplwayè yo egzije pou ba w tan poz ek yon espas prive pou ponpe. Pale ak anplwayè ou an konsènan bezwen ou yo. Pale ak doktè ou an, konsiltan alètman oswa antrepriz asirans ou an konsènan acha oswa lokasyon yon ponp lèt pou itilize nan travay.

## Pou Plis enfòmasyon oswa èd konsènan bay tete, kontakte:

Sipò Alètman nan Bayhealth Hospital, Kent Campus: (302) 744-7233

Sipò Alètman nan Bayhealth Hospital, Sussex Campus: (302) 744-7233

Sipò Alètman nan Beebe Healthcare: (302) 645-3577

Sipò Alètman nan The Birth Center: (302) 658-8321

Sipò Alètman Christiana Care Health System: (302) 733-3360 Delaware

WIC Program: 1 (800) 222-2189

La Leche League: [www.lllöffmd-de-dc.org](http://www.lllوفmd-de-dc.org)

Sipò Alètman nan Nemours Alfred I duPont Hospital for Children: (302) 685-9119

Sipò Alètman Saint Francis Hospital: (302) 421-4478

Breastfeeding Coalition of Delaware: [info@delawarebreastfeeding.org](mailto:info@delawarebreastfeeding.org)  
oswa vizite nou nan [www.delawarebreastfeeding.org](http://www.delawarebreastfeeding.org)



Saint Francis Healthcare  
We specialize in you.



Nemours



Beebe  
Healthcare



DELAWARE HEALTH AND SOCIAL SERVICES  
Division of Public Health